

## Fason pou w achte nan magazen san danje pandan ijans sante piblik COVID-19 la

COVID-19 kontinye pwopaje nan kominote nou yo epi gen risk nan nenpòt ki moman [ou rasanble](#) ak lòt moun deyò lakay ou. Pandan n ap kòmanse retounen nan aktivite yo tankou achte nan magazen, nou dwe kontinye pran mezi pou n anpeche transmisyon COVID-19.

Pran kèk minit pou w konsidere fason pou w achte nan magazen san danje — pwoteje tèt ou, lòt moun k ap achte menm kote avèk ou yo, ak anplwaye k ap sèvi w nan magazen yo. Sipòte magazen vant an detay Vil New York yo men pran prekosyon lè w ap fè sa a! Si w gen plan pou w vizite yon magazen vant an detay, sonje kat (4) ti konsèy prensipal sa yo byen pou w redui risk pwopagasyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou pa santi ou byen oswa si w gen plis risk pou w gen komplikasyon COVID-19 yo.** Si ou sòti pandan w malad, ou riske fè lòt moun malad. Si ou deja genyen yon pwoblèm sante ki afibli sistèm iminitè w, oswa ou gen 65 an oswa plis, konsidere rete lakay ou pou ou pwoteje tèt ou.
- **Mete yon [kachnen](#) toutan.** Sonje ke w ka pwopaje COVID-19 menm si w pa gen sentòm yo. Lè w mete yon kachnen, w ap pwoteje moun ki ozalantou w yo. **Eta New York egzije tout moun ki nan laj 2 zan oswa plis epi ki ka tolere yo medikalman pou yo mete kachnen pou yo ka antre nan magazen vant an detay yo.**
- **Rete a distans!** Kite yon distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt moun k ap achte yo ak anplwaye magazen yo, nan mezi sa posib. Pase mwens tan anndan magazen an lè w chache atik ou bezwen an sou entènèt avan w ale, epi fè kòmand atik yo pou w vin pran yo lè w kapab.
- **Pratike ijyèn men ki sanitè.** Itilize dezenfektan pou men lè w ap antre nan magazen an, apre w fin manyen yon pwodui, ak apre w kite magazen an. Manyen pwodui ou gen entansyon achte sèlman, epi itilize metòd peman san lajan kach nenpòt lè sa posib.

### Pou redui risk pou kliyan yo, magazen yo pral fè kèk chanjman tou. Sa yo gen ladan:

- Fè depistaj pou wè si anplwaye yo gen sentòm COVID-19 yo avan peryòd travay yo epi voye yo lakay yo si yo malad.
- Ankouraje distans fizik lè w itilize makè pou fè moun rete nan distans 6 pye ant youn ak lòt, ak lè limite kantite moun ki ka ap achte nan magazen an alafwa.
- Ankouraje pratik prensip ijyèn men yo lè w mete dezenfektan pou men toupatou nan magazen an nan espas kote kliyan yo ye, ki gen ladan sal pou mezire rad yo.
- Asire ni anplwaye yo ni kliyan yo mete kachnen.
- Netwaye sifas moun manyen anpil yo pi souvan, tankou aparèy peman yo, espas ranmasaj kòmand yo, twalèt yo ak espas kolektif yo.

Pou w jwenn enfòmasyon jeneral sou COVID-19, ki gen ladan fason pou pwoteje tèt ou kont estigmatizasyon, vizite [nyc.gov/health/coronavirus](https://nyc.gov/health/coronavirus).

Pou w jwenn yon sit pou fè tès tou pre w, vizite [nyc.gov/covidtest](https://nyc.gov/covidtest) oswa rele **311**.

**Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.** 6.28.20